

## POLITIK AK PWOSEDI

<b>Politik # GA-018-055</b>	<b>Politik Pwogram Asistans Finansyè a</b>	<b>Paj 1 sou 7</b>
<b>Tiliv:</b> Administrasyon Jeneral		<b>Seksyon:</b> GA-Sèvis Kontablite pou Pasyan yo
<b>Esponnsò:</b> Vis Prezidan Operasyon Finansyè yo		<b>Dat orijin nan:</b> 06/2002
<b>Distribisyon:</b> Nan echèl global la		
<b>Moun k ap bay apwobasyon an:</b> Vis Prezidan Operasyon Finansyè yo		
<b>Règlemantasyon/Nòm:</b> Seksyon 501(r)(4) Kòd Enpo (Internal Revenue Code)		
<b>Dat Revizyon (yo)</b>	07/03, 03/04, 02/06, 09/08, 11/08, 01/09, 12/09, 12/13, 06/16, 08/18, 11/21, 06/23	
<b>Dat Analiz la (yo)</b>	03/14, 06/16, 08/18, 08/20, 11/21, 06/23	

### I. Objektif

- A. North Broward Hospital District d/b/a "Broward Health" bay asistans finansyè pou pasyan ki resevwa swen ann ijans ak/oswa lòt sèvis ki nesèsè sou plan medikal nan yon Lopital Broward Health epi ki ranpli kondisyon elijiblite pou asistans finansyè a dapre politik sa a. Pasyan k ap resevwa swen ijans ak/oswa lòt sèvis ki nesèsè sou plan medikal nan yon Lopital Broward Health epi ki ranpli lòt kondisyon politik sa a, ka mande yon asistans finansyè lè yo soumèt Demann Pwogram Asistans Finansyè ki atache ak règleman sa a kòm Dokiman Anèks A.
- B. Broward Health p ap fè diskriminasyon kont yon moun k ap fè demann pou yon asistans finansyè sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj oswa relijyon.

### II. Angajman pou Bay Swen Medikal ann Ijans

- A. Broward Health bay moun swen, san diskriminasyon, pou pwoblèm medikal ijan, kit yo elijib oswa pa elijib pou asistans finansyè a nan kad politik sa a. Broward Health p ap angaje li nan aksyon k ap dekouraje moun nan chèche swen medikal an ijans, nan mande pou pasyan sèvis ijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal ijan yo oswa nan otorize aktivite pou kolekte dèt ki entèfere ak bay swen medikal an ijans lan, san diskriminasyon. Yo bay tout pasyan Broward Health yo, san diskriminasyon, sèvis medikal an ijans, tankou transfè an ijans, dapre Politik Broward Health konsènan Tretman Medikal ann Ijans ak Travay Aktif ("EMTALA").

### III. Definisyon (yo)

- A. Montan yo Faktire an Jeneral ("AGB") – siyifi kantite lajan yo faktire jeneralman pou swen an ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè pou moun ki gen yon kouvèti asirans.
- B. Peryòd Demann – siyifi peryòd kote Broward Health ap aksepte yon demann pou yon asistans finansyè, ak peryòd sa a ki kòmanse nan dat yo bay swen an epi ki fini nan 240yèm jou aprè dat premye fakti aprè egzeyat la pou swen yo bay yo.
- C. Broward Health Hospital – li fè referans ak Broward Health Medical Center, Broward Health North, Broward Health Imperial Point, oswa Broward Health Coral Springs.
- D. Broward Health Service Area – siyifi limit jewografik Atik 1 règleman North Broward Hospital District la defini yo.

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-055</b>	<b>Politik Pwogram Asistans Finansyè a</b>	<b>Paj 2 sou 7</b>
------------------------------	--	--------------------

- E. Sèvis Elijib - siyifi frè lopital pou swen ann ijans oswa lòt sèvis ki nesèsè medikalman Broward Health ak kèk lòt patnè bay, jan sa a defini nan Anèks B nan yon Lopital Broward Health.
- F. EMTALA – siyifi Lwa sou Tretman Medikal an Ijans ak Travay Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act), 42 USC 1395dd, jan yo modifiye l la.
- G. Revni Familyal- siyifi kantite lajan yon moun/fanmi ap touche pandan yon ane, san manke yon sous anvan taks. Revni an gen ladann:
1. Revni Brit ki ajiste ki soti nan yon aktivite endepandan
  2. Pèman Sekirite sosyal la
  3. Pèman pou retrèt ray tren yo
  4. Konpansasyon pou Chomaj
  5. Konpansasyon pou aksidan travay yo
  6. Pèman pou peryòd grèv ki soti nan fon sendika yo
  7. Avantaj pou veteran yo
  8. Èd piblik (ki gen ladan pèman lajan nan non Èd Jeneral)
  9. Alokasyon pou fòmasyon
  10. Pansyon alimantè
  11. Sipò timoun (*child support*)
  12. Alokasyon pou fanmi militè yo
  13. Soutyen regilye yon manm fanmi an ki pa la oswa yon moun ki pa rete nan kay la
  14. Pansyon prive oswa pansyon fonksyonè Leta yo
  15. Pèman asirans regilye oswa pèman pansyon regilye
  16. Dividann
  17. Enterè (se pa enterè yo peye sou ipotèk ki nan deklarasyon enpo yo)
  18. Pèman lwaye ou resevwa
  19. Redevans
  20. Revni peryodik ki soti nan siksesyon oswa nan patrimwàn fidisyè
  21. Reminerasyon reyèl aprè dediksyon frè enpo ki soti nan jwèt lajan oswa nan lotri
- H. Asistans Finansyè – siyifi sèvis ijans gratis oswa a pri redui ak lòt sèvis medikal ki nesèsè yo bay moun ki nan yon Lopital Broward Health ki reponn kritè elijiblite Broward Health pou asistans finansyè, jan yo prevwa sa nan politik sa a, epi ki pa kapab peye pou tout oswa pou yon pati nan sèvis yo.
- I. Sèvis Medikal ki Nesèsè – siyifi sèvis oswa founiti Broward Health bay pou idantifye oswa trete yon maladi oswa blesi ki (i) konsistan avèk sentòm, dyagnostik ak tretman eta, maladi, enfeksyon oswa blesi yo; ki (ii) apwopriye ak nòm bon pratik medikal yo; se (iii) pa prensipalman pou komodite pasyan an; (iv) ekipman ki pi apwopriye oswa nivo sèvis pasyan an ka jwenn san danje; epi (v) ki nesèsè pou pwoteje lavi, pou fè prevansyon pou yon gwo maladi oswa yon andikap, oswa pou soulaje gwo doulè. Lè sa a aplike pou yon pasyan ki ospitalize, sa vle di, sentòm oswa eta pasyan an egzije li pa ka jwenn sèvis yo oswa founiti yo san danje nan kad yon konsiltasyon ekstèn.
- J. Prezime Detèminasyon Politik Asistans Finansyè ("FAP")- siyifi yon detèminasyon elijiblite pou resevwa asistans finansyè ki baze sou enfòmasyon Broward Health jwenn jan sa endike nan politik sa a, ki pa enfòmasyon pasyan an bay nan demann pou Asistans Finansyè li soumèt nan kad politik sa a.
- K. Pyès Idantite ki valid – siyifi yon lisans pou kondui Leta a bay, kat idantifikasyon Leta a bay, paspò I-551 ak tout so, oswa kat anrejistreman etranje/kat vèt ki valid.

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-055</b>	<b>Politik Pwogram Asistans Finansyè a</b>	<b>Paj 3 sou 7</b>
------------------------------	--	--------------------

**IV. Politik**

- A. Politik sa a ap jere selon Seksyon 501(r)(4) Kòd Enpo (Internal Revenue Code) 1986 yo, selon modifikasyon an, ak lwa sou trezò (Treas). Reg. Section 1.501(r)-4 ("IRS Code/Treas Regs"). Tout tèm, kondisyon ak egzijans ki nan Kòd IRS/Treas Regs yo entegre atravè referans nan politik sa a kòm si yo entegre yo nèt nan sa a.
- B. Mezi pou fè Piblisite Alawonnbadè pou Anonse Gen Asistans Finansyè ki Disponib - Broward Health ap mete kopi Règleman Asistans Finansyè ("FAP") sa a disponib, Demann FAP la ak rezime nan yon langaj klè an Anglè, Kreyòl, Pòtigè ak Espanyòl nan kourye lapòs sou demann. Enfòmasyon sa yo disponib tou sou sitwèb Broward Health la <https://www.browardhealth.org>, nan sal ijans yo, ak nan tout zòn anrejistreman lopital la. Y ap bay lòt founisè swen sante nan kominote a ak òganizasyon kominote yo yon kopi. Epi tou, y ap bay pasyan yo yon kopi rezime FAP la sou fòm papyè nan yon langaj klè nan kad pwosedi admisyon/egzeyat la. Y ap afiche pano nan sal ijans yo, nan zòn admisyon yo, ak nan lòt zòn nan lopital la ki vizib pou piblik la.

**V. Pwosedi****A. Kondisyon pou jwenn Asistans Finansyè**

1. Broward Health ap aksepte demann pou asistans finansyè nan men tout moun, si moun nan reponn ak kèk kondisyon epi li te aplike ak respekte tout demann ak egzamen tout pwogram asirans sante lokal, leta oswasa gouvènman federal la finanse yo, tankou Mache Asirans Sante a. Moun yo dwe rasanble tout enfòmasyon yo mande sou lis kontwòl FAP la, Deklarasyon Revni FAP yo ak Demann FAP epi rankontre pèsònèlman ak yon konseye finansyè Broward Health pou yo ka kòmanse pwosesis demann nan pou asistans finansyè a.
2. Si yo jije yon moun elijib pou lòt sous finansman (eksepte sous asirans otomobil/responsablite sivil) ki kouvri pri sèvis ki elijib yo, moun nan p ap elijib pou asistans finansyè a dapre politik sa a. Lè sa aplikab, yo dwe prezante prèv refi lòt sous finansman yo anvan yo kòmanse yon demann pou asistans finansyè. Si yon moun refize aplike pou pwogram asistans ki disponib yo (egzanp, Mache Asirans Sante a, Medicaid, Medicare, Florida KidCare, elatriye) epi/oswa si li pa respekte pwosesis demann nan, moun nan p ap kalifye pou asistans finansyè a dapre politik sa a.
3. Yon aplikasyon ki byen ranpli pou asistans finansyè a obligatwa pou tout pasyan Broward Health k ap chèche èd finansyè dapre politik sa a pou sèvis ki elijib yo bay nan yon lopital Broward Health, lè pa gen okenn lòt sous finansman. Dokiman yo bay yo dwe koresponn ak dat tretman an epi chak moun k ap fè demann dwe gen yon pyès idantite ki valid, ki gen foto idantite sou li.
4. Chak demann dwe gen siyati moun k ap fè demann nan, oswa pati ki responsab la, ki konfime enfòmasyon yo bay nan demann nan vrè epi yo egzat. Tout moun yo jwenn ki pa bay bon enfòmasyon entansyonèlman, y ap refize demann yo an, san posiblite pou genyen rekonsiderasyon.
5. Moun k ap benefisye asistans finansyè Broward Health dapre politik sa a gen obligasyon pou li notifiye yon reprezantan Broward Health ki apwopriye, si revni yo ta chanje pandan peryòd validite apwobasyon asistans finansyè a.
6. Chak demann asistans finansyè ap sèvi pou detèmine elijiblite asistans finansyè tout manm fanmi an ki nan lis demann nan men ki pa gen asirans.
7. Yo dwe fè demann asistans finansyè epi soumèt li pandan peryòd kandidati a.

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-055</b>	<b>Politik Pwogram Asistans Finansyè a</b>	<b>Paj 4 sou 7</b>
------------------------------	--	--------------------

8. Yo pral trete demann asistans finansyè ki byen ranpli a nan anviwon 30 jou ouvrab, depi kòmanse nan jou yo resevwa demann lan, sof si ta gen sikonstans enprevi.
9. Depi Broward Health apwouve yondemann pou asistans finansyè, sof si revni fanmi oswa lòt sikonstans ta chanje, apwobasyon an valab pou douz (12) mwa apati dat sèvis Inite Santral Asistans Finansyè (Central Financial Assistance Unit, CFAU) etabli pou bay yon pasyan asistans finansyè sèvis ki elijib yo. Peryòd apwobasyon pou moun ki andeyò zòn sèvis Broward Health la, jan sa endike nan Seksyon C pi ba a, limite a premye vizit la ak yon vizit swivi (nan 30 jou). Peryòd apwobasyon an kapab revize/modifye nan nenpòt ki lè, selon desizyon administrasyon Broward Health la.

**B. Baz kalkil montan yo mande pou pasyan yo Peye**

1. Aprè yon detèminasyon elijiblite selon politik sa a, yon pasyan ki elijib pou asistans finansyè a p ap peye plis pou sèvis ki elijib yo pase kantite lajan yo konn faktire moun ki gen asirans ki garanti swen sa yo (AGB) jeneralman. Broward Health itilize Metòd *Look-Back* pou detèmine AGB a. Daprè metòd sa a, yo kalkile AGB yo lè yo divize sòm tout reklamasyon li yo pou sèvis ki elijib Medicare te aksepte yo ak tout konpayi asirans sante prive ki peye reklamasyon nan lopital la pandan yon peryòd 12 mwa ki pase, y ap divize li ak sòm frè brit ki asosye ak reklamasyon sa yo. Broward Health ap kòmanse aplike pousantaj AGB a nan 120tyèm jou aprè fen peryòd 12 mwa yo itilize pou kalkil la. Manm piblik la ka jwenn pousantaj AGB aktyèl la ansanm ak yon deskripsyon kalkil la alekri gratis, atravè kowòdone lopital la ki endike nan seksyon V-E politik sa a.
2. Kalkil AGB a separe ak sa yon moun ki elijib pou asistans finansyè ap gen pou li jwenn kòm fakti oswa sa l ap gen pou lipeye, dapre politik sa a.

**C. Kritè Elijibilite**

1. **REZIDANS NAN ZÒN SÈVIS BROWARD HEALTH YO**
  - a. Yo konsidere yon moun kòm yon rezidan nan zòn sèvis Broward Health la, si moun nan fèt natirèlman, si li natirèlman oswa si li se rezidan pèmanan nan peyi Etazini, jan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services) an defini l la, moun ki abite an pèmanan nan zòn sèvis Broward Health yo pandan omwen 30 jou anvan dat li resevwa sèvis ki elijib yo.
2. **REZIDANS ANDEYÒ ZÒN SÈVIS BROWARD HEALTH YO**
  - a. Yon moun ki pa reponn ak nòm ki nan Seksyon V.C.1 pi wo a, konsidere kòm yon rezidan ki andeyò zòn sèvis Broward Health la.
  - b. Pasyan ki abite andeyò zòn sèvis Broward Health yo ka benefisye yon otorizasyon inik dapre lòt egzijans politik sa a.
  - c. Tout pasyan ki abite andeyò zòn sèvis Broward Health yo ki mande yon tretman ki pa ijan dwe montre prèv ki montre finansman apwopriye a, anvan ospitalizasyon an oswa pou li jwenn sèvis anbilans ki pa ijan. Pasyan ki abite andeyò zòn sèvis Broward Health la gen dwa jwenn referans ki soti nan lòt eetablisman medikal yo pou lopital espesyalize ak resous ki disponib nan Broward Health si yo garanti finansman ak akò transfè oswa plasman yo respwòk.
  - d. Broward Health ap bay pasyan yo swen ijans ak anbilatwa (pou pasyan ki pa dòmi lopital), san yo pa konsidere estati rezidans ak finansman pou moun ki vini nan youn nan lopital Broward Health yo epi doktè estime ki bezwen swen ann ijans.

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-055</b>	<b>Politik Pwogram Asistans Finansyè a</b>	<b>Paj 5 sou 7</b>
------------------------------	--	--------------------

**3. REVNI**

- a. Kritè prensipal yo itilize pou detèmine elijiblite yon moun pou asistans finansyè, se revni endividyèl fanmi an ki eksprime an pousantaj nan Gid Federal Povrete ki pi resan yo, sa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (United States Department of Health and Human Services) pibliye epi ki disponib chak ane atravè piblikasyon nan Rejis Federal la.
- b. Yon aplikan ki kalifye/apwouve pou asistans finansyè ki gen yon revni famiyal ki enferyè oswa egal a 300% nan Gid Federal Povrete pou konte Broward la ap resevwa 100% asistans finansyè eksepte yon tikè moderatè. Gade anèks C a pou montan patisipasyon nan frè yo. Anplis desa, aplikan ki gen revni ki pi wo pase 300%, kote frè lopital pasyan an dwe yo depase 25% nan revni famiyal anyèl la, yo ka benefisye yon apwobasyon inik. Sepandan, nan okenn ka, yon pasyan ki gen revni famiyal ki depase 400% nan FPG pa elijib pou resevwa asistans finansyè pou frè lopital li yo.
- c. Detèminasyon asistans finansyè a ap baze sou revni famiyal la pou douz (12) mwa anvan dat aplikan an resevwa sèvis ki elijib yo.
- d. Yon aplikan ki te gen yon chanjman nan sitiyasyon li ki anpeche aplikan an travay, li ka aplike/re-aplike pou asistans finansyè depi yo fè yon dyagnostik pou jistifye enkapasite aplikan an pou li travay akòz maladi li a. Si aplikan an dwe resevwa tretman pou kenbe l an vi, y ap revize sitiyasyon aktyèl kont aplikan an pou detèmine si aplikan an elijib pou resevwa asistans finansyè pou tretman pou kenbe l an vi a.

**4. NIVO OTORITE YO POU APWOBASYON AN**

- a. Tout demann ki ranpli yo, ki gen ladan tout dokiman jistikatif obligatwa yo, ki twouve yo nan limit nivo povrete a, yon reprezantan CFAU ap revize epi apwouve yo depi yo fin verifiye.
- b. Yon reprezantan CFAU ap egzaminen epi apwouve moun ki sipoze elijib pou asistans finansyè yo, san yo pa soumèt yon aplikasyon konplè oswa san yo pa aplike pou lòt pwogram asirans. Yo ka fè yon detèminasyon pou sipoze FAP yo nan fason sa a:
  - i. Tout pasyan ki entène/pasyan ki pa nan Medicaid ak Medicaid HMO, depi Medicaid gentan kalifye yo kòm endijan, yo pral jwenn yon alokasyon pou moun ki endijan pou tout rès kòb yo dwe sant medikal yo aprè yo fin itilize tout avantaj yo.
  - ii. Pasyan ki anrejistre nan Broward Health Homeless Clinic kòm W72 (sibvansyon pou sanzabri) ap resevwa 100% asistans finansyè pou sèvis elijib aprè pasyan an fin soumèt yon deklarasyon revni FAP ki siyen.
  - iii. Idantifye Detèminasyon sipoze FAP yo atravè yon lojisye pou depistaj elektwonik
    - a. Broward Health rekonèt, yon pati nan popilasyon pasyan ki pa gen asirans yo ka pa patisipe nan pwosesis aplikasyon tradisyonèl pou asistans finansyè a. Si pasyan an pa bay enfòmasyon yo mande nan politik sa a, Broward Health ka itilize yon zouti prediksyon otomatik yon tyès pati bay pou idantifye pasyan ki kalifye pou asistans finansyè dapre politik sa a. Pwosesis seleksyon sa a itilize done piblik yo epi li gen ladan estimasyon revni, kantite moun ki nan kay la, epi li konpare ak FPG a.
    - b. Yo pral deplwaye zouti evalyasyon otomatik la pou fè nòt prediksyon an anvan yo bay dèt irekipèrable yo aprè tout lòt sous elijiblite ak pèman yo fin itilize. Sa pèmèt Broward Health fverifiye tout pasyan ki pa gen asirans yo,

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-055</b>	<b>Politik Pwogram Asistans Finansyè a</b>	<b>Paj 6 sou 7</b>
------------------------------	--	--------------------

(ki gen ladan pasyan ki abite andeyò zòn sèvis Broward Health la), ak yon balans ki siperyè oswa egal a \$5,000 pou elijiblite nan asistans finansyè dapre politik sa a, anvan yo pran mezi ekstrawòdinè pou kolekte dèt. Done zouti evalyasyon prediksyon otomatik sa a ap konstitye bon jan dokiman nesèsè sou bezwen finansyè yo nan kad politik sa a, tankou nan ka kote dokiman pa disponib nan men pasyan an.

- c. Pasyan ki te fè deklarasyon fayit yo dwe egzamine yo atravè zouti evalyasyon prediktif otomatik la pou yo detèmine si yo kalifye pou asistans finansyè a dapre politik sa a. Ajans koleksyon yo k ap travay sou kont yo a bay notifikasyon sou dosye a. Notifikasyon yo bay Broward Health pral deklanche zouti lojisyèl seleksyon elektwonik la pou l detèmine elijiblite yo pou asistans finansyè a dapre politik sa a epi yo pa limite a \$5,000 oswa pi plis sou kont yo.
- d. Lè yo itilize enskripsyon elektwonik kòm baz pou sipoze elijiblite, rabè a ap pi plis, tankou swen yo ap totalman gratis, pou sèvis ki elijib pou dat sèvis retwospektiv yo sèlman. Broward Health pa oblije fè pasyan an konnen si li elijib dapre politik sa a.
- iv. Nenpòt aplikasyon oswa kontestasyon ki enkonplè oswa ki gen dout, kote yo pa ka verifiye elijiblite a konplètman dapre dokiman yo bay la, AVP Hospital Revenue Cycle Operations reprezantan li dwe revize yo, pou yo ka detèmine elijiblite aplikan an pou asistans finansyè a.
- v. Vis-Prezidan Operasyon èyo, oswa moun li deziyen an, dwe apwouve tout eksepsyon ki baze sou rezidans ak oswa egzanpsyon pou lòt sous finansman yo. Nenpòt eksepsyon ki fèt yo dwe dokimante li klèman nan kad demann nan.

**D. Mezi yo pran yo nan ka pèman an pa fèt**

1. Enfòmasyon konsènan mezi pou yo kolekte dèt Broward Health ka pran si yo pa peye frè pou swen medikal yo dekri nan yon politik sou Faktirasyon ak Rekouvreman ki apa. Pasyan yo ak lòt manm piblik la ka jwenn yon kopi politik separe sa a gratis nan men Broward Health atravè enfòmasyon kontak lopital la ki mansyone nan dokiman sa a.

**E. Kowòdone Lopital la**

1. Sit entènèt Broward Health la: [www.browardhealth.org](http://www.browardhealth.org)
2. Kowòdone Broward Health Hospital la
  - a. Broward Health Medical Center (954)355-5442, 1600 S. Andrews Ave, Ft. Lauderdale, FL 33316
  - b. Broward Health North (954) 786-6589, 201 E. Sample Rd., Deerfield Beach, FL 33064
  - c. Broward Health Imperial Point (954) 776-8708, 6401 N. Federal Highway, Ft. Lauderdale, FL 33308
  - d. Broward Health Coral Springs (954) 344-3006, 3000 Coral Hills Drive, Coral Springs, FL 33065

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-055</b>	<b>Politik Pwogram Asistans Finansyè a</b>	<b>Paj 7 sou 7</b>
------------------------------	--	--------------------

VI. Reglemantasyon/Nòm  
Seksyon 501(r)(4) Kòd Enpo (Internal Revenue Code)

VII. Referans  
F.S. 409.911(1)(c)  
Kòd Enpo (Internal Revenue Code) §§ 501(r)(4) (politik asistans finansyè); 501(r)(5) (limitasyon sou frè yo); ak 501(r)(6) (kondisyon pou fakti ak koleksyon dèt) (ak Règleman Trezò yo ki soti anba sa a)

Administrasyon ak Entèpretasyon  
Entèpretasyon ak administrasyon politik sa a se responsablite Vis-Prezidan Operasyon Finansyè a.

ANÈKS A — Gen lis kontwò Pwogram Asistans Finansyè a, kont rezilta Pwogram Asistans Finansyè a ak Demann Pwogram Asistans Finansyè a.

ANÈKS B – LIS FOUNISÈ YO - Yon lis founisè k ap bay swen ijans ak lòt swen medikal ki nesesè ki anba politik FAP la disponib sou sitwèb Broward Health la ([www.browardhealth.org](http://www.browardhealth.org)).

ANÈKS C – MONTAN PATISIPASYON YO